

22 jen 2022

Chè fanmi,

Aprè sis mwa kòm Chanselye w pou Lekòl Vil Nouyòk, mwen gen anpil rekonesans pandan n ap pwoche nan fen ane lekòl la. Nan ti peryòd tan sa a, ou te ede m kòmanse reyalize vizyon mwen pou bay fanmi nou yo pouvwa pou yo vin patnè toutbon nan desizyon nou pran ansanm pou elèv nou yo. Opinyon w pase nan tout sa n ap fè nan lekòl nou yo, epi nou tout ka wè diferans lan!

Sonje lè mwen te fèk kòmanse 3 janvyè, lè vag Omicron te byen wo, lè to prezans nou an te 65 pousan sèlman. Nou te aplike divès mezi pou amelyore sekirite yo rele Rete an sekirite, Rete ouvri a. Sa gen ladan ogmante tès ak ofri vaksen ki gen anpil siksè sou plas pou elèv nou yo.

Rive nan fen janvyè epi kontinye jiska kounye a, to prezans nou te retounen nan prèske 90 pousan. Aprè plis pase dezan boulvèsman ak chòk pandemi an te koze, fanmi, elèv, ak estaf nou yo merite anpil kredi pou pèsèverans yo ak pou jan yo pèmèt nou fini ane lekòl sa a sou yon bon nòt konsa!

Tout inisyativ nou te anonse nan dènye mwa yo se rezilta kòmantè fanmi nou yo fè ke n ap devlope an patenarya avèk yo.

Sa gen ladan amelyorasyon nou reyalize nan ansèyman literacy ak entèvansyon pou disleksy, pwogram pou diminye vyolans pou amelyore sekirite, ogmantasyon aksè nan pwogram pou timoun ki gen don ak talan (Gifted and Talented, G&T), ak yon seri nouvo efò pou pèmèt elèv lekòl segondè nou yo jwenn ladrès ki gen valè sou mache travay la.

Nou konte sou fanmi nou yo paske mwen aprann pandan tout karyè mwen kòm edikatè Vil Nouyòk ke pi bon lide ak inisyativ ki gen plis siksè yo soti nan konvèsasyon avèk fanmi yo. Ou konnen bezwen pitit ou yo ak fòs ak feblès lekòl ou yo pi byen pase nenpòt moun. Mwen te preche tout moun atravè sistèm lekòl nou an ke yo bezwen angaje yo seryezman avèk fanmi epi pote repons pou enkyetid yo yon fason efikas. Pa gen kesyon pou enpoze gwo chanjman ankò san chèche opinyon nan men fanmi nou yo dabò.

Pou rezon sa yo, n ap rasyonnalize sistèm lekòl nou an epi n ap mete mwayen pou gen kominikasyon ki pi klè avèk dirijan nou yo. Sa gen ladan bay sipèntandan distri lokal nou yo ak direktè lekòl yo kapasite pou fanmi ka kominike yon fason pi dirèk ak pi fasil avèk moun ki anchaj yo. Nan semèn ki sot pase yo, fanmi atravè vil la te gen opòtinite pou rankontre nan reyinyon kominotè avèk finalis pou 45 pòs sipèntandan lekòl leta Vil Nouyòk yo pou asire se moun ki pi kalifye ak pi efikas ki pou ranpli wòl enpòtan sa yo. Grasa kòmantè ou fè, mwen gen asirans ou pral kontan anpil avèk lidè distri w la apati 1ye jiyè; ou ka jwenn plis enfòmasyon nan schools.nyc.gov/about-us/leadership/district-leadership.

Mwen espere w dakò lè nou di n ap koute, nou tandè w, epi ansanm n ap bati yon nouvo avni pou lekòl Vil Nouyòk yo! Pandan w ap jwi ete a, mwen espere ke oumenm ak pitit ou yo pral pwofite tout bèl opòtinite kiltirèl ak lwazi vil la genyen pou l ofri.



Pase yon ete sennesof ak yon ete amizan. Sa a poko anyen, gen plis toujou pandan n ap avanse pou rive nan ane lekòl 2022-23 a!

Plane wo,

A handwritten signature in black ink that reads 'David C. Banks'.

David C. Banks
Chanselye Lekòl Vil Nouyòk